



**Eta Florid
Depatman Timoun ak Fanmi**

Ron DeSantis
Gouvènè

Shevaun L. Harris
Sekretè

Non Ka a: _____

Ka FSFN: _____

Nou konprann e dakò pou nou resevwa jesyon ka ak sèvis sekirite. Kòm patisipasyon nou pou nou resevwa sèvis sa yo nou dakò ak kondisyon an aprè sa yo:

1. Yon manadjè ka ap travay lakay avèk nou pou ede nou rezoud pwoblèm fanmi an e bati fòs fanmi an. Sa ap gen landann visit kap fèt souvan san anons pou kontrole sekirite pandan lè sa yo manadjè ka a ap bezwen wè ak timoun yo nan kay la, pale ak timoun yo individyèlman nan kay la si timoun yo pale.
2. Nou dakò pou nou patisipe aktivman nan devlopman ak egzekite plan ka fanmi an nan kapasite nou epi pou nou swiv plan sekirite ke yo mete an plas pou nou an.
3. Nou konprann ke ajans la ka sispann sèvis yo nenpòt lè, lè yo voye yon notis ba nou swa aloral oswa alekrit. Si nou pa dakò ke yo sispann sèvis yo, nou kapab mande pou yon anplwaye oswa pou yon revizyon administratif fèt pou detèmine si nou toujou kalifye pou sèvis yo.
4. Nou konprann ke nou ka mande pou yo sispann sèvis yo nenpòt lè ak yon notis bay ajans la swa aloral oswa alekrit. Ajans la va evalye sitiyasyon an e si li pa dakò ak demann lan li ka al depoze yon petisyon pou li fè tribinal la egzije yon sipèvizyon pou pwoteksyon.
5. Nou konprann si nou pa kowopere ak sèvis ki rekòmande yo, nou pa konfòme nou ase ak plan ka a, nou viole plan pou sekirite, oswa nou pa fè ase pwogrès nan amelyorasyon kondisyon ki te pote rapò abi ak neglijan lan, ajans la ka mande pou tribinal egzije sèvis ak tout entèvansyon.
6. Nou konprann dapre lalwa, manadjè ka a oblije rapòte nenpòt akizasyon abi ak neglijan bay Florida Abuse Hotline pou envestigasyon ak aksyon ka fèt jan yo jije l nesèsè.
7. Nou dakò pou nou avèti manadjè ka a si nou chanje adrès oswa si gen lòt moun adisyonèl kap vin rete avèk nou nan kay la. Nou dakò tou pou nou avèti manadjè ka a de nenpòt vizitè kap frekante kay la souvan kounye a oswa ki vin tounen yon moun kap frekante kay la tout tan.
8. Nou dakò pou nou notifiye leta toutswit (polis lokal oswa cherif) si yon timoun nan kay la ta sove oswa disparèt.
9. Nou dakò tou pou nou siyen divilgasyon enfòmasyon pou dosye tankou enfòmasyon medikal, sikolojik, sikyatrik ak edikatif, kòm yo ka nesèsè pou konplete yon evaliyasyon fanmi an epi pou fòme ansanm avèk nou yon plan/sèvis pou ka a.

Envestigatè/Non Manadjè ka a: _____ Siyati CPI/CM _____ Date: _____

Non Paran: _____ Siyati Paran : _____ Date: _____

Non Paran: _____ Siyati Paran: _____ Date: _____

Zòt : _____ Siyati Zòt : _____ Date: _____